

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Nurutkeun Sudaryat (2000, kc. 6), basa nyaéta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragam (konvénsional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi.

Dina prosés komunikasi, enas-enasna mah mangrupa prosés hiji jalma nepikeun pesen (rasa, pikiran, amanat) ka jalma séjén ngaliwatan média vérbal atawa non vérbal. Minangka alat komunikasi, Sudaryat (2000, kc. 18) nétélakeun yén basa miboga sababaraha fungsi nyaéta fungsi kognitif, imajinatif, métabasa, émotif, konatif, jeung patis.

Fungsi kognitif nyaéta fungsi anu patali jeung kontéks; fungsi imajinatif nyaéta fungsi anu patali jeung nepikeun amanat anu sipatna éstétis; fungsi métabasa nyaéta fungsi anu ngajéntrékeun lambang basana sorangan; fungsi émotif nyaéta fungsi anu patali jeung ébréhan ti panyatur; fungsi konatif nyaéta fungsi anu patali jeung pamiarsa; jeung fungsi patis nyaéta fungsi anu patali jeung hubungan antara panyatur jeung pamiarsa.

Nilik kana pentingna fungsi basa, unggal jalma diperedih sangkan parigel dina ngagunakeun basa. Kaparigelan ngagunakeun basa hiji jalma téh mangrupa modal utama pikeun digunakeun dina komunikasi di masarakat. Hiji jalma bisa disebut parigel ngagunakeun basa, upama geus ngawasa komponén-komponén basa jeung éjahanana, katut bisa ngalarapkeunana dina kahirupan sapopoé luyu jeung kontéksna.

Minangka alat komunikasi, di Indonesia basa téh kabagi jadi tilu: (1) basa Daérah; (2) basa Nasional; jeung (3) basa Asing. Basa Sunda mibanda kalungguhan salaku salah sahiji basa daérah. Ieu kalungguhan téh ditangtayungan ku UUD 1945, Bab XIII Pasal 32 Ayat 2 yén “nagara ngajénan jeung miara basa daérah minangka kabeungharan budaya nasional”.

Salian ti éta, basa Sunda ogé mangrupa salah sahiji mata pelajaran muatan lokal wajib di sakola-sakola nu aya di Jawa Barat, ti mimiti SD/MI nepi ka SMA/SMK/MA, luyu jeung Surat Edaran Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat No. 423/2372/Set-disdik Taun 2013.

Dinas pendidikan Jawa Barat (dina SKKD, 2006, kc. 87) nétélakeun yén fungsi pangajaran basa jeung sastra Sunda, luyu jeung kalungguhan sarta fungsina minangka basa daérah, nyaéta:

- a) Sarana ngabina komunikasi di lingkungan kulawarga jeung masarakat Sunda;
- b) Sarana mekarkeun basa Sunda minangka lambang kareueus jeung cicirén sélér Sunda;
- c) Sarana tatapakan jeung pangrojong pangajaran basa Indonesia atawa basa séjénna;
- d) Sarana ngabina ragam basa Sunda lulugu, pangpangna pikeun pangajaran di lingkungan pendidikan dasar; jeung
- e) Sarana mekarkeun sastra katut kabudayaan Sunda.

Éta kaparigelan basa téh kudu kahontal kalawan hadé, luyu jeung tujuan sarta fungsi pangajaran basa Sunda anu geus dijéntrékeun di luhur. Nulis mangrupa salah sahiji tina opat aspék kaparigelan basa. Nulis téh kaasup kana aspék kaparigelan basa anu sipatna produktif aktif.

Nuliskeun wangun kecap kudu luyu jeung hartina, boh harti morfologis boh harti gramatikal sangkan éta tulisan téh babari dipikahartina. Kitu ogé dina karangan naskah drama siswa kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014, anu masih kénéh aya sababaraha kasalahan morfologis anu kudu dibenerkeun.

Morfologis mangrupa sipat anu patali jeung morfologi. Sedengkeun morfologi téh gurat badagna mah maluruh atawa medar morfém jeung kecap katut parobahanana (Rosmana, 2003, kc. 2). Ku lantaran kaédah morfologis téh salah sahiji kaédah basa anu kudu kacangking ku nu maké basana, ka asup parasiswa di sakola, atuh perkara morfologis ogé jadi salah sahiji bahan pangajaran di sakola komo dina nulis mah. Dina prakna, pamakéan kaédah morfologis téh tara salawasna bener, tapi bisa waé salah. Kasalahan kitu téh disebut kasalahan morfologis.

Kasalahan morfologis nyaéta kasalahan ngagunakeun kaédah basa anu ngawengku ngararangkénan (afiksasi), ngarajék (réduplikasi), jeung ngantétkeun (komposisi). Ieu wangenan téh luyu jeung pamadegan Tarigan (1985, kc. 7) anu nétélakeun yén kasalahan morfologis téh mangrupa kasalahan ngagunakeun basa nu dilantarankeun ku salah nangtukeun rarangkén, salah ngagunakeun kecap rajékan, salah nyusun kecap kantétan, jeung salah milih wangun kecap.

Dina karangan naskah drama siswa kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014, masih kénéh aya sababaraha kasalahan morfologis anu teu luyu jeung konstruksi gramatikal. Éta kasalahan morfologisna aya anu salah dina ngararangkénan, ngagunakeun kecap rajékan, atawa salah milih wangun kecap asal/salancar. Dina SKKD SMP/MTs, aya standar kompetensi “9.2 *Mampu berbicara untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk mengemukakan kritik, berpidato, menceritakan isi novel, berdiskusi, bermain peran, dan dramatisasi/musikalisasi puisi,*” jeung kompetensi dasar “9.2.5 *Bermain peran berdasarkan naskah drama.*” Ayana éta standar kompetensi jeung kompetensi dasar téh, saméméh siswa molahkeun atawa ngaragakeun drama dumasar kana naskah drama, siswa kudu ngarang heula naskah dramana luyu jeung kamampuhna.

Panalungtikan perkara kasalahan morfologis sacara husus, geus dilaksanakeun ku Indah Kartika Dewita dina skripsina “*Kasalahan Morfologis dina Karangan Deskripsi Siswa SMP Lab. School*” Taun 2009. Panalungtikan anu ngulik ngeunaan kasalahan morfologis dina karangan naskah drama acan aya anu ngagarap. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “**Kasalahan Morfologis dina Karangan Naskah Drama Siswa Kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014**” dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

Masalah dihartikeun minangka pateungteungna harepan jeung kanyataan. Teu sakabéh masalah bisa jadi objék panalungtikan. Masalah panalungtikan nyaéta masalah objéktif hiji panalungtikan. Ku kituna, di handap ieu baris dijelaskeun ngeunaan idéntifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan.

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dina ieu panalungtikan diidéntifikasi sababaraha masalah anu baris dipedar, nyaéta perkara kasalahan pilihan kecap (diksi) anu henteu luyu jeung konstruksi gramatikal, anu ngawengku: (1) kasalahan ngagunakeun kecap asal; (2) kasalahan ngagunakeun wangun kecap rundayan; jeung (3) kasalahan ngagunakeun wangun kecap rajékan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus ditepikeun, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Naon waé kasalahan morfologis anu aya dina karangan naskah drama siswa kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014 téh ?
- 2) Tipe kasalahan morfologis naon waé anu aya dina karangan naskah drama siswa kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014 téh ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Saperti halna anu geus dijéntrékeun dina kasang tukang jeung rumusan masalah, sacara jéntré ieu panalungtikan mibanda dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kasalahan morfologis anu aya dina karangan naskah drama siswa kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus anu hayang dihontal ngaliwatan ieu panalungtikan nyaéta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun kasalahan morfologis anu aya dina karangan naskah drama siswa kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014. Ari analisis jeung déskripsina ngawengku:

- 1) Jumlah kasalahan morfologis; jeung
- 2) Tipe-tipe kasalahan morfologis.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan ieu dijembarkeun kana dua bagian, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban informasi ngeunaan élmu basa, hususna dina widang morfologi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana waé:

- a. Pikeun panalungtik, nambahan élmu pangaweruh dina widang katatabasaan.
- b. Pikeun guru, dipiharep bisa méré gambaran ka paraguru pikeun nangtukeun léngkah-léngkah nu kudu dilaksanakeun patali jeung ngalatih siswa dina pangajaran basa Sunda, hususna dina kaparigelan basa aspék nulis.
- c. Pikeun siswa, dipiharep bisa méré gambaran ka parasiswa dina ngagunakeun kaédah morfologis anu bener dina ngarang atawa nulis.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan dipidangkeun dina lima bab, baris jéntré saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, ngajéntrékeun masalah jeung tujuan panalungtikan anu pakait jeung kasalahan morfologis dina naskah drama.

BAB II Ulikan tiori, raraga mikir, jeung anggapan dasar, ngajéntrékeun ngeunaan tiori-tiori anu dipaké jeung dijadikeun tatapakan dina ieu panalungtikan.

BAB III Méthode panalungtikan, ngajéntrékeun sumber data, desain panalungtikan jeung instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan.

BAB IV Hasil panalungtikan jeung bahasan, ngajéntrékeun jeung ngabahas naon waé anu kapanggih dina data panalungtikan.

BAB V Kacindekan jeung saran, nyindekkeun ogé méré saran kana hasil panalungtikan.